



Pou Piblikasyon Imedya: 24/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PI GWO ENVESTISMAN ETA KI JANM FÈT NAN NASYON AN NAN ENÈJI RENOUVLAB AP AVANSE POU PI DEVAN NAN NEW YORK

Twa pwojè enèji ewolyèn ak 22 pwojè enèji renouvlab tèrès totalize 6.4 jigawat pral alimante 2.6 milyon kay New York epi sèvi 12 pousan nan bezwen elektrisite New York la disi 2030

Pwojè yo prevwa kreye apeprè 8,300 djòb pou soutni fanmi yo epi pote 20 milya dola nan envestisman devlopman ekonomik, ki gen ladan envestisman ke devlopè angaje pou sipòte kominote defavorize yo

Avans premye enstalasyon fabrikasyon lam ak nasèl ewolyèn nan peyi a ak Eta a ki angaje 300 milyon dola epi atire yon lòt 668 milyon dola nan finansman prive

Sipòte pwogrè nan direksyon objektif Lwa sou Klima New York la pou jwenn 70 pousan elektrisite nan Eta a soti nan sous enèji renouvlab yo rive 2030

yo bezwen satisfè 79 pousan nan elektrisite New York an 2030 ak enèji renouvlab

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a pi gwo envestisman eta a nan enèji renouvlab nan istwa Etazini, sa ki montre lidèchip New York nan avanse tranzisyon enèji pwòp. Prim kondisyonèl yo gen ladan twa pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot ak 22 pwojè enèji renouvlab tèrès a ki totalize 6.4 jigawat enèji pwòp, sa ki ase pou alimante 2.6 milyon kay New York epi sèvi apeprè 12 pousan bezwen elektrisite New York yon fwa yo fini. Lè yo makonnen ak de enstalasyon fabrikasyon lam ak nasèl enèji ewolyèn olaj zòn kot, pòtfèy nouvo pwojè sa yo prevwa kreye apeprè 8,300 djòb pou soutni fanmi yo epi ankouraje 20 milya dola nan envestisman devlopman ekonomik nan tout eta a, ki gen ladan envestisman ke devlopè angaje pou sipòte kominote defavorize yo. Anons jodi a sipòte pwogrè nan objektif New York pou 70 pousan elektrisite eta a soti nan sous renouvlab disi 2030 – ak nèf jigawat enèji ewolyèn olaj zòn kot disi 2035 – sou wout pou ale nan yon rezo zewo emisyon jan sa endike nan Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a. Apre rekonpans sa yo, New York pral kounye a gen ase pwojè enèji renouvlab an fonksyònmansou kontra epi an devlopman pou bay 79 pousan bezwen elektrisite eta a ak enèji renouvlab pou ane 2030.

"New York kontinye ap bay ton nan tranzisyon nasyon nou an nan enèji pwòp", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Yon investisman nan anplè sa a gen plis pou wè pase jis yon lit kont chanjman klimatik – n ap kreye travay sendika ki byen peye, n ap amelyore fyabilite rezo elektrik nou an, epi n ap jenere avantaj enpòtan nan kominote ki defavorize yo. Jodi a, n ap pran mezi pou rann objektif klima New York yo aksesib, pou montre nasyon an kijan pou l ka rekilibre apre defi ekonomik mondyal yo pandan y ap mennen nou nan yon avni ki pi vèt epi ki pi pwospere pou jenerasyon k ap vini yo."

Sekretè Enèji Etazini an, Jennifer M. Granholm, te deklare, "Depatman Enèji a bat bravo pou etap enpòtan ke anons sa a reprezante pou konstwi yon endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot isit la Etazini ki revitalize ekonom fabrikasyon nasyonal ak ekonomi kotyè yo, pandan l ap avanse avni enèji pwòp nou an. New York ap montre ajanda Prezidan Biden pou Envesti nan Etazini an ap mache, epi DOE pa ka tann pou kontinye kolaborasyon sou deplwaman pwojè, devlopman yon chèn apwovizyonman domestik solid ansanm ak devlopman transmisyon pou ede reyalize alafwa objektif enèji ewolyèn olaj zòn kot eta ak federal nou yo."

Yon li an sèvis, pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot ak pwojè enèji renouvlab tèt yo akòde yo pral:

- Pwodwi apeprè 19 milyon megawat-èdtan nouvo enèji renouvlab chak ane, sa ki ase pou alimante plis pase 2.6 milyon kay New York.
- Diminye 9.4 milyon tòn metrik degajman gaz ki lakoz efè sè chak ane, sa ki se ekivalan si yo ta retire 2 milyon machin sou wout yo chak ane.
- Bay benefis sante piblik ki soti nan ekspozisyon redwi pa rapò ak polyan danjere yo—ki gen ladan mwens epizòd maladi ak lanmò prematire, mwens jou ekòl oswa travay ki rate, mwens entèripsyon nan biznis, ak swen sante ki pi ba pri.
- Bay yon pakèt benefis bay kominote defavorize yo ann akò ak objektif Lwa Klimatik yo, ak plis pase 3.5 milya dola nan angajman devlopè yo pran pou kominote defavorize yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Dènye ak pi gwo faz prim enèji renouvlab nan gwo echèl sa a se yon lòt prèv ke New York se, epi li pral kontinye rete yon espas kote sektè enèji renouvlab la ka pwospere. Gwoup pwojè enèji renouvlab nan gwo echèl sa a reflekte priyorite ki dire lontan ak kontinyèl New York pou avanse yon fason responsab pwojè enèji pwòp ki pi konpetitif nan pri epi ki ekonomikman solid nan yon fason ki alè epi ki maksimize avantaj pou tout Nouyòkè yo."

Anons jodi a reprezante premye faz aksyon Eta te pran nan kad Plan Aksyon 10 pwen New York la Gouvènè Hochul [te anonse](#) dènyèman, ki ofri yon apèsi sou fason Administrasyon Gouvènè a planifye pou simonte dènye defi makwo-ekonomik ak enflasyon ki te afekte sektè enèji renouvlab la Prim jodi a make tou kòmansman negosyasyon kontra yo ak pati yo akòde yo, epi prim yo depann sou ekzekisyon kontra ki fè siksè.

Demontre angajman Eta a pou asire pwojè sa yo kreye bon kalite djòb pou soutni fanmi pou Nouyòkè yo, kontra yo lè yo egzèkite yo konplètman pral gen ladan angajman pou achte kèk kantite fè ak asye ameriken minimòm ak dispozisyon salè k dominan pou tout ouvriye yo, travayè ak mekanisyen k ap fè aktivite konstriksyon yo. Anplis de sa, devlopè pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot yo pral oblije negosye Akò Travay Pwojè (Project Labor Agreements, PLA) pami kontraktè konstriksyon yo ak yon òganizasyon pwofesyonèl ki travay sou bilding ak konstriksyon ki reprezante travayè atizan pou konstriksyon nouvo resous pou jenerasyon enèji renouvlab yo.

Pi gwo Envestisman Eta ki janm ft nan Nasyon an nan enèji ewolyèn olaj zòn kot

Nan demann enèji ewolyèn olaj zòn kot ki pi konpetitif nan Etazini an, NYSERDA te chwazi twa nouvo pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot ki totalize 4,032 megawat (MW) enèji pwòp ki espere deplase plis pase 7 milyon tòn metrik CO2 chak ane, ki ekivalan ak retire 1.6 milyon machin nan wout la chak ane. Anplis de sa, pwojè yo akòde yo pral pote plis pase 15 milya dola nan depans yo prevwa nan eta a epi kreye plis pase 4,200 djòb ki soutni fanmi atravè Long Island, Vil New York ak Rejyon Kapital la pandan yon peryòd 25 ane ke pwojè yo ap dire.

Twa pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot yo genyen ladan:

- **Attentive Energy One** (1,404 MW) devlope pa TotalEnergies, Rise Light & Power ak Corio Generation. Pwojè a gen ladann yon nouvo plan re-tilizasyon fosil nan Queens, ki ap chèche retire jenerasyon enèji gaz fosil nan kè Vil New York ak tranzisyon mendèv aktyèl la nan travay enèji pwòp.
- **Community Offshore Wind** (1,314 MW) devlope pa RWE Offshore Renewables ak National Grid Ventures. Pwojè a gen ladan itilizasyon nouvo entèkoneksyon rezo k ap devlope pa Con Edison nan anba lavil Brooklyn, ki te rann posib pa [Dekrè ki Apwouve Rekiperasyon Pri pou Sant Enèji Pwòp](#) Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) la pou maksimize livrezon elektrisite pwòp nan Vil New York.
- **Excelsior Wind** (1,314 MW) devlope pa Vineyard Offshore (Copenhagen Infrastructure Partners). Pwojè a gen ladan opsyon wout kab pwopoze pou bay enèji solid nan Long Island, pwofite ekspansyon rezo elektrik ki te founi atravè rezilta Bezwen Transmisyon Politik Piblik (Public Policy Transmission Need) Long Island la.

Ansanm, pwojè sa yo pral pote gwo benefis pou ekonomi, mendèv ak anviwònman New York la, tankou:

- Plis pase 85 milyon dola pou sipòte rechèch, rediksyon, ak amelyorasyon bèt sovaj ak lapèch.
- Prèske 300 milyon dola nan angajman pou Biznis ke Minorite ak Fanm yo Posede (Minority and Women Owned Business Enterprises, MWBEs) ak Biznis ke Veteran ki Andikape nan Sèvis yo posede (Service-Disabled Veteran Owned Businesses, SDVOBs).
- Plis 100 milyon dola nan angajman pou fòme mendèv New York la pou konstwi ak sèvi pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot yo.
- Plizyè milya dola nan benefis sante piblik ki soti nan ekspozisyon redwi pa rapò ak polyan danjere yo—ki gen ladan mwens epizòd maladi ak lanmò

prematire, mwens jou ekòl oswa travay ki rate, mwens entèripsyon nan biznis, ak swen sante ki pi ba pri.

Pwojè sa yo anplwaye yon melanj konsepsyon transmisyon fleksib ak inovan, ki gen ladan yon anprent redui nan transmèt enèji ki soti nan pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot nan Vil New York atravè kouran kontini ki gen gwo vòltaj (high voltage direct current, HVDC) ak soustasyon elektrik olaj zòn kot adaptab "Meshed-Ready". Yo prevwa twa pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot yo ap antre an operasyon komèsyal an 2030. Enpak mwayèn sou bòdwo pou kliyan yo pandan dire lavi pwojè a pral apeprè 2.73 pousan, oswa anviwon 2.93 dola pa mwa. Mwayèn pri devlopman total pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot yo akòde pandan dire lavi kontra yo se 96.72 dola pou chak megawat-èdtan.

Direktè Jeneral Attentive Energy a, Damian Bednarz, te deklare, "Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Eta New York ap fè investisman san parèy nan endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot la. Moun ki patwone pwojè Attentive Energy One yo kontan epi yo rekonesan pou opòtinite istorik sa a pou delivre yon pwojè kominotè ki pral ankouraje plizyè milya dola nan aktivite ekonomik ak plizyè santèn milyon dola investisman kominotè atravè eta a. Ann mete nou sou travay pou nou delivre yon pwojè ke tout Nouyòkè yo kapab fyè de li."

Prezidan ak Direktè Pwojè nan Community Offshore Wind, Doug Perkins, te deklare, "Community Offshore Wind onore NYSERDA te chwazi nou kòm yon patnè kle nan fè plan enèji ewolyèn olaj zòn kot New York la vin yon reyalite epi nou felisite Gouvènè Hochul pou momentòm jodi a nan avanse objektif klimatik ak enèji pwòp solid Eta a. Rasin lokal solid nou yo te pèmèt nou desine pwogram ki pral asire aksè ekkitab nan opòtinite tranzisyon enèji pwòp la, epi nou espere sèvi imedyatman kominote defavorize yo nan New York, soti nan kreye nouvo djòb ki byen peye, rive nan yon apwovizyonman lokalize ak benefis ekonomik ki pral dire pou anpil jenerasyon k ap vini yo."

PDG Vineyard Offshore, Lars T. Pedersen, te deklare, "Nou onore dèske Administrasyon Hochul la te chwazi pwojè Excelsior Wind nou an epi nou remèsye Gouvènè a pou angajman kontinyèl li anvè endistri nou an. Excelsior Wind pral bay enèji pwòp ak abòdab, kapitalite alafwa kwasans ekonomik ak amelyorasyon nan anviwònman an ak sante piblik. Nou rekonesan dèske NYSERDA te mete konfyans li nan kapasite pwouve nou genyen pou reyalize pwojèyo epi nou pa ka tann pou nou kontinye travay ansanm ak ajans eta ak gouvènman lokal yo, Nasyon Tribi yo, kominote lokal yo, pechè yo, ak lòt moun ki gen enterè yo nan Empire State la."

An akò ak angajman Gouvènè Hochul te pran pou fè Eta New York tounen yon sant pou chèn apwovizyonman enèji ewolyèn olaj zòn kot nan Etazini, akizisyon sa a gen ladann sipò kontinyèl pou fabrikasyon tibin enèji ewolyèn olaj zòn kot, ki pwofite plis pase 2 dola nan kapital prive angaje pou chak 1 dola nan finansman piblik New York la.

NYSERDA ap akòde tou 300 milyon dola nan investisman eta a pou pèmèt devlopman enstalasyon chèn apwovizyonman ki gen ladan fabrikasyon ak asanblaj nasèl pa GE

Vernova, ansanm ak fabrikasyon lam ki devlope pa LM Wind Power Blades USA, tou de te planifye pou Rejyon Kapital New York la.

Investisman sa a gen kapasite pou bay prèske yon tyè nan demann total rejyonal pou enèji ewolyèn olaj zòn kot disi 2035, sa ki pral debloke 968 milyon dola nan finansman piblik ak prive, kreye 1,700 djòb dirèk ak endirèk ki te sipòte pa salè dominan ak akò travay pwojè, ak lakoz plis pase 3 milya dola nan depans dirèk nan Eta a. Anplis de sa, pwojè sa yo adapte tou ak kredi taks federal ki disponib yo, sa ki pèmèt kontribiyab New York yo fè ekonomi alavni.

Akizisyon Enèji Renouvlab Tèrès New York

Anplis de sa, New York te anonse tou dènye faz rekonpans renouvlab kondisyonèl tèrès la, ki gen 14 nouvo pwojè solè, sis pwojè re-alimantasyon ewolyèn, yon nouvo pwojè ewolyèn, ak yon pwojè idwoelektrik ki retounen fonksyone, ki totalize yon total 2,410 megawat – sa ki ase nouvo pwodiksyon renouvlab pou alimante plis pase 560,000 kay New York chak ane pandan omwen 20 ane. Pwojè sa yo prevwa ankouraje plis pase 4 milya dola nan investisman dirèk epi kreye plis pase 4,100 djòb ki byen peye akoutèm ak alontèm atravè Eta New York.

Pwojè yo pa rejyon yo enkli:

New York Santral

- **Oxbow Hill Solar: Cypress Creek Renewables** pral konstwi yon enstalasyon solè 140 MW nan Vil Fenner, Konte Madison.

Finger Lakes

- **Gravel Road Solar: Delaware River Solar** pral konstwi yon enstalasyon solè 128 megawat nan Vil Tire ak Seneca Falls, Konte Seneca.
- **Hatchery Solar: VC Renewables, LLC** pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 megawat nan vil Caledonia, Konte Livingston.
- **SunEast Hampton Corners Solar: Cordelio Power** pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 megawat nan vil Groveland, Konte Livingston.
- **SunEast Niagara Solar: Cordelio Power** pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 megawat nan vil Caledonia, Konte Livingston.
- **White Creek Solar, LLC: AES** pral konstwi yon enstalasyon solè 135 megawat nan Vil York ak Leicester, Konte Livingston.
- **Hemlock Ridge Solar: AES** pral konstwi yon enstalasyon solè 200 megawat nan vil Barre ak Shelby, Konte Orleans.
- **Valcour Bliss Windpark: AES** pral re-alimante yon enstalasyon ewolyèn 100.5 megawat nan vil Eagle, Konte Wyoming.
- **Valcour Wethersfield Windpark: AES** pral re-alimante yon enstalasyon ewolyèn 126 megawat nan vil Wethersfield, Konte Wyoming.

Mohawk Valley

- **Dolgeville Hydro: Energy Ottawa NY Generation Ltd.** pral kontinye operasyon pou yon enstalasyon idwoelektrik 5 megawat nan Vil Dolgeville, Konte Herkimer.
- **SunEast Millers Grove Solar: Cordelio Power** pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 megawat nan Vil Schuyler, Konte Herkimer.

North Country

- **North Country Wind: Terra-Gen Development Company, LLC** pral konstwi yon enstalasyon ewolyèn 298.2 megawat nan vil Burke ak Chateaugay, Konte Franklin.
- **Riverside Solar: AES** pral konstwi yon enstalasyon solè 100 megawat nan vil Lyme ak Brownville, Konte Franklin.
- **SunEast Morris Solar: Cordelio Power** pral konstwi yon enstalasyon solè 19.99 megawat nan Vil Gouverneur, Konte St. Lawrence.
- **Valcour Altona Windpark: AES** pral re-alimante yon enstalasyon ewolyèn 97.5 megawat nan vil Altona, Konte Clinton.
- **Valcour Chateaugay Windpark: AES** pral re-alimante yon enstalasyon ewolyèn 106.5 megawat nan vil Chateaugay, Konte Franklin.
- **Valcour Clinton Windpark: AES** pral re-alimante yon enstalasyon ewolyèn 100.5 megawat nan vil Clinton, konte Clinton.
- **Valcour Ellenburg Windpark: AES** pral re-alimante yon etablisman ewolyèn 81 megawat nan vil Ellenburg, Konte Clinton.

Southern Tier

- **Clear View Solar: VC Renewables, LLC** pral konstwi yon enstalasyon Solè 19.99 megawat nan Vil Cohocton, Konte Steuben.
- **Stonewall Solar: Nexamp** pral konstwi yon etablisman solè 145 megawat ansanm ak 20 megawat estokaj enèji nan vil Meredith, Konte Delaware.

Lwès New York

- **Somerset Solar: Somerset Solar, LLC** pral konstwi yon enstalasyon solè 125 megawat nan vil Somerset, Konte Niagara.

An deyò New York

- **Mineral Basin Solar: Swift Current Energy** pral konstwi yon enstalasyon solè 401.6 megawat nan Kanton Girard ak Goshen, Konte Clearfield, Pennsylvania, epi li pral bay enèji nan rezo elektrik New York la.

Enpak mwayèn sou bòdwo pou kliyan yo pandan dire lavi pwojè a pral apeprè 0.31 pousan, oswa anviwon 0.32 dola pa mwa. Mwayèn pri devlopman total pwojè Nivo 1 yo akòde pandan dire lavi kontra yo se 60.93 dola pou chak megawat-èdtan. Sa ki enpòtan, pwojè sa yo ap bay priyorite benefis pou kominote defavorize yo an akò ak Lwa sou Klima Eta a, ak plis pase 108 milyon dola nan angajman devlopè yo fè pou kominote defavorize yo kòm yon pati nan pwopozisyon yo bay NYSERDA. Pwojè sa yo prevwa lakoz plis pase 38 milyon dola nan angajman nan depans pou MWBE ak SDVOB yo.

Eta a ap kontinye mete aksan ak amelyore angajman ak kominote kote pwojè yo ap devlope. NYSERDA ofri resous ak asistans teknik gratis pou ede gouvènman lokal yo konprann kijan pou jere devlopman enèji pwòp responsab nan kominote yo, ki gen ladan enstriksyon etap pa etap ak zouti pou gide aplikasyon enèji pwòp, ki gen ladan pwosesis pèmi, taks sou pwopriyete, sit, zonaj, ak plis ankò.

Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik Eta New York la Rory M. Christian, te deklare, "Mwen bat bravo pou angajman kontinyèl ak solid Gouvènè Hochul pou devlope ak elaji enèji renouvlab nan Eta New York. Konsomatè elektrisite New York yo

pral benefisyè anpil nan pwojè sa yo, epi Gouvènè Hochul gen merit pou li pouse pwojè sa yo pi devan."

Direktè Egzekitif Otorite Elektrik Long Island lan, Thomas Falcone, te deklare, "LIPA kanpe ak fyète ak Gouvènè Hochul pandan n ap fè istwa ak investisman istorik sa a nan enèji renouvlab. Pwojè sa yo fè pati yon angajman pataje pou yon avni dirab, ki an akò dirèkteman ak vizyon LIPA pou bay kominote nou yo elektrisite pwòp, fyab ak abòdab. Gouvènè Hochul ap transfòme fason nou alimante New York pandan l ap kreye plizyè milye travay nan yon nouvo endistri."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Investisman enpòtan New York yo nan pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo se yon temwayaj angajman Gouvènè Hochul pran nan fè avanse yon ekonomi enèji pwòp pandan l ap diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik pou benefisyè kominote eta yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè a paske li kontinye adrese defi chanjman klimatik yo ak pwojè ewolyèn, solè ak idwo yo te anonse jodi a k ap ede asire yon avni ki pi vèt, ki pi pwospere ak ekita pou tout Nouyòkè yo."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, investisman monimantal sa a non sèlman pwopilse New York devan liy sektè enèji renouvlab la, men li pwomèt plizyè milye djòb k ap soutni fanmi atravè eta nou an. Pandan n ap travay nan direksyon yon avni dirab, nou pran angajman pou asire chak Nouyòkè rekòlte benefis ekonomik inisyativ sa a, espesyalman kominote defavorize nou yo."

Reprezantant Nydia M. Velázquez, te deklare, "Yon kle pou reyalize jistis klimatik chita nan eta nou an k ap fè investisman pou ankouraje plis pwojè enèji renouvlab. Mwen trè kontan anpil pou posiblite pou tranzisyon pi gwo etablisman k ap pwodui konbistib fosil nan Vil New York la, Ravenswood Generating Station, an 'Renewable Ravenswood', ki se yon nouvo sant operasyon ak antretyen enèji pwòp pou enèji ewolyèn olaj zòn kòt. Tranzisyon sa a pral ede sipòte objektif klimatik nou yo, jenere nouvo djòb sendika vèt, epi benefisyè kominote jistis anviwònmanal nou yo ki devan liy lan tankou sa yo ki nan Queensbridge ak Ravenswood Houses. Nouvo pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kòt sa yo ak enèji renouvlab tèrès sa yo pral non sèlman alimante kominote nou yo, men tou y ap diminye depans enèji yo epi kreye plis anplwa pou fanmi k ap travay yo. Mèsi Gouvènè Hochul paske ou fè investisman enpòtan sa a nan avni enèji New York."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Mwen te toujou kwè nan potansyèl pou New York jwe yon wòl prensipal nan devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kòt ak enèji pwòp epi mwen te fè anpil efò nan nivo federal pou avanse politik ak investisman ki devlope endistri sa a. Anons jodi a se yon realizasyon vizyon sa a. Pwochen chapit sa a nan istwa travay kalifye ak inovasyon rich nan zòn nou an pral pote plizyè santèn djòb vèt ki byen peye nan Rejyon Kapital la pandan y ap avanse avni enèji pwòp nou an epi pwoteje anviwònman nou an pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen pa ka tann pou mwen travay sere ak patnè eta ak komèsyal nou yo pou fè plan solid sa yo vin yon reyalite epi

mwen p ap janm sispann travay pou sekirize avni enèji pwòp nou yo epi kreye travay demen yo."

Manm Asanble Didi Barrett te deklare, "Anons jodi a montre yon angajman klè Gouvènè Hochul ak Eta New York pou atenn objektif klimatik solid nou yo. Pwojè sa yo pral jenere ase elektrisite pou alimante kay 2.6 milyon Nouyòkè yo, k ap kreye bon jan kalite djòb komèsyal ak sendika, pandan l ap kenbe nou sou bon chemen an pou n atenn objektif 70 pousan enèji renouvlab nou an disisi 2030."

Gary LaBarbera, Prezidan Metye Konstriksyon Eta New York (New York State Building Trades) la, te deklare, "Jodi a make yon etap enpòtan pou pwojè enèji solè, ewolyèn ak enèji renouvlab ki pral ede New York non sèlman atenn objektif dirabilite li yo, men tou, ki pral kreye plizyè milye karyè sendika ki byen peye pou komèsan ak machann k ap travay di nou yo. Envestisman istorik sa a pral klere avni enèji pwòp nou an ak amelyore lavi tout Nouyòkè yo, sa ki gen ladann moun ki pral gen opòtinite kounye a pou yo travay sou pwojè sa yo, sipòte fanmi pa yo epi pouswiv yon chemen ki pi aksesib pou klas mwayèn nan. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul pou angajman kontinyèl li pou rasyonnalize inisyativ enèji pwòp yo, pandan n ap leve Nouyòkè klas ouvriye yo."

Prezidan AFL-CIO Eta New York, Mario Cilento, te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou investisman istorik sa a ki pral ede nou konbat chanjman klimatik, epi finalman genyen batay sa a pandan l ap kreye travay sendika solid, klas mwayèn, isit la nan Eta New York. Se pwochen etap pou asire ke yo konstwi, opere, epi konsève avni enèji pwòp New York la pa yon mendèv sendika ki gen anpil fòmasyon epi ki gen anpil konpetans. Nou pa ka atann pou nou kontinye travay avèk gouvènè a pou adrese chanjman klimatik pandan n ap kreye ak prezève djòb sendika ki soutni fanmi yo."

Prezidan Konsèy Mendèv Santral Vil New York (New York City Central Labor Council) la, AFL-CIO, Vincent Alvarez, te deklare, "Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Eta New York pou investisman istorik nan sektè enèji renouvlab yo te anonse jodi a. Angajman eta a deja pran konsènan nòm travay yo ansanm ak nouvo investisman sa yo pral ede akselere tranzisyon ki reyisi ak jis New York la nan direksyon yon ekonomi enèji pwòp pandan y ap ankouraje devlopman bon travay sendika ki soutni fanmi yo. "Nou pa ka tann pou nou travay avèk eta a ak NYSERDA pou asire ke yo kontinye tande vwa travayè yo pandan n ap devlope tout sektè enèji renouvlab la."

Prezidan Federasyon Mendèv Long Island (Long Island Federation of Labor) lan, AFL-CIO, John R. Durso, te deklare, "Nou pa ka tann pou nou travay avèk gouvènè a ak ekip li a pandan n ap avanse endistri enèji ewolyèn olaj zòn kòt la pou pi devan pou kreye bon djòb sendika ki pral non sèlman alimante ekonomi Long Island men tou, ki pral pran yon angajman istorik anvè anvivònman nou an. Federasyon Mendèv Long Island lan, kòm yon patnè enpòtan, jwe yon wòl esansyèl nan asire siksè devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kòt, avèk ekspètiz ak devouman nou, nan ranfòse kwasans endistri a pandan n ap pwoteje enterè mendèv nou an."

Christopher Erikson, Direktè Komèsyal IBEW Local 3, te deklare, "Anons jodi a montre klèman entansyon Gouvènè Hochul pou l avanse ak yon endistri enèji ewolyèn olaj zòn kòt k ap pwospere. Angajman sa a gen ladan pwoteksyon travay pou gason ak fanm k ap travay, garanti bon salè, enklizyon PLA yo ak devlopman mendèv pou alafwa anplwayè metye konstriksyon ak anplwayè chèn apwovizyonman yo. Sa bon pou Nouyòkè yo, patwon nou yo, nou yo ak sante jenerasyon k ap vini yo."

Anne Reynolds, ki se Direktris Jeneral Alyans pou Enèji Pwòp New York la (Alliance for Clean Energy New York), te deklare, "Nouvo kontra pou 22 pwojè ewolyèn, solè, ak idwoelektrik, plis pou twa gwo pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kòt, se yon bon nouvèl pou anviwònman ak sistèm elekrisite New York la. Bati pwojè sa yo pral vle di travay konstriksyon pou travayè, elekrisyen, ak lòt metye konstriksyon yo, ansanm ak yon lè ki pi pwòp pou Nouyòkè yo. Endistri enèji renouvlab la akeyi anons jodi a epi li pa ka tann pou li kontinye travay ak eta New York sou tranzisyon enèji solid li a."

Direktè New York Offshore Wind Alliance, Fred Zalzman, te deklare, "Anons jodi a ki fèt pa Gouvènè a, ki bay twa kontra pou plis pase 4,000 MW pwodiksyon enèji ewolyèn olaj zòn kòt, montre ke New York pare pou l double efò nan resous pwòp, renouvlab epi k ap kreye djòb sa a, epi li pral kontribiyè anpil pou l bay konfyans nan yon mache ki dènyèman te fè fas ak gwo van kontrè."

Prezidan Lig Elektè Konsèvatè (League of Conservation Voters) New York la, Julie Tighe, te deklare, "Pandan kriz klimatik la ap peze lou sou do nou ak sante popilasyon nou an ak planèt nou an ap kontinye soufri konsekans dega nan konsome konbistib fosil yo, nou pa ka sèlman pale sou enèji renouvlab ankò, nou bezwen founi pwojè reyèl sou tèren an. Akòde yon lòt 6.2 GW enèji enèji ewolyèn, solè ak idwo se yon gwo etap pou atenn objektif enèji renouvlab eta a ak yon gwo viktwa pou sante piblik ak anviwònman an. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Prezidan NYSERDA, Doreen Harris, paske yo deplwaye gwo efò nan dènye faz akizisyon enèji renouvlab yo."

Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman an, Adrienne Esposito, te deklare, "Enpak chanjman klima yo kontinye atake New York ane sa a ak plis inondasyon nan metwo Vil New York yo, glisman labou nan Westchester ak gwo ewozyon nan Fire Island ak nan rivaj sid Long Island lan. Kounye a se moman pou nou aji! Tranzisyon nan direksyon enèji renouvlab se aksyon prensipal nou bezwen pran pou konbat chanjman klimatik la. Anons jodi a etabli yon pwèn enpòtan nan avanse enèji vèt nan eta nou an. Nou kontan epi nou gen espwa ke New York pral trase wout pou Nasyon nou an aji ak vigè ak detèminasyon menm jan ak ke New York. Nou bat bravo pou Gouvènè Hochul ak NYSERDA pou aksyon istorik sa a ki pral non sèlman konbat chanjman klimatik, men tou, ki pral lakòz yon lè ki pi pwòp, yon kominote ki pi an sante epi ki pral leve ekonomi nou an."

Matthew Aracich, Prezidan Konsèy Metye Batiman ak Konstrikasyon (Building and Construction Trades Council) Konte Nassau ak Suffolk la, ak Prezidan Sant Antrènman Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kòt Nasyonal (National Offshore Wind Training Center) te deklare, "Men yon lòt bèl egzàn briyan pa Gouvènè Hochul ki

onore pwomès li pou avanse endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot la isit nan NY. Gwosè pwojè sa yo pral san dout estimile kwasans ekonomik ki pral gen repèkisyon nan tout eta a epi ansanm bay yon vrè chemen ki mennen nan klas mwayèn nan. Travay ki mansyone nan anons jodi a pèmèt pwogram fòmasyon aprantisaj anrejistre nan mendèv kalifye pou yo grandi nan yon vitès san parèy epi reprezante kle pou kenbe yon avni dinamik pou Rejyon Long Island lan. Lè nou bati pwojè enèji vèt nan yon echèl nesèsè, nou elimine depandans nou sou konbistib fosil pi vit jan sa posib."

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. New York, ki oryante pa kèk nan inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, sou pwèn pou reyalize yon sektè enèji zewo emisyon vè 2040, ki enkli 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 55 milya dola nan 145 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la vanse avèk apeprè 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak 100 Kominote ki sètifye, apeprè 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)